



Règleman EFSB/DPU

EFSB 25-10/D.P.U. 25-75

Odyans Kòmantè Piblik

Oktòb ak Novanm 2025

Komisyon Lokalizasyon Enstalasyon Enèji ak Depatman Itilite Piblik, Divizyon
Patisipasyon Piblik


Lojistik Entèpretasyon

➡ Entèpretasyon Lang ap ofri nan: Español, Português, Kreyòl ayisyen, Tiếng Việt, 普通话, and Lang Siny Ameriken (ASL).

- To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
- Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e selecione “Portuguese”.
- Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Interpretation” y seleccione “Spanish”.
- Pou rantr nan chanèl kreyòl ayisyen an, klike sou ikòn “Interpretation” an epi chwazi “Haitian Creole”.
- 要以普通话参加会议，请单击口语图标并选择 “Chinese”.
- Để vào kênh bằng tiếng Việt, hãy nhấp vào biểu tượng “Interpretation” và chọn “Vietnamese”.

➡ Tanpri pale dousman.

➡ Tout patisipan dwe chwazi yon chanèl lang, menm si yo ap gade prezantasyon an an Anglè.





Ajanda

- 6:00-6:20: Remak Inisyal
- 6:20-7:00: Prezantasyon / Apèsi sou Règleman Pwopoze yo
- 7:00-7:45: Peryòd Kòmantè
- 7:45-8:00: Poz
- 8:00-8:55 Peryòd Kòmantè (kontinye.)
- 8:55-9:00: Remak Final



Remak Inisyal




Lwa Klima 2024

- Refome pwosesis chwazi sit ak pèmi pou enstalasyon enèji pwòp (solè, van, batri, ak enfrastrikti transmisyon ak distribisyon ki asosye)
- Amelyore vitès ak efikasite nan pwosesis pèmi a pou ede reyalize objektif enèji pwòp ak klima ki anbisyone nan Commonwealth la
 - (Antisipe) ogmantasyon nan kantite pwojè yo
 - Pèmi konbine pou Enstalasyon Enfrastrikti Enèji Pwòp (CEIF)
 - Angajman kominotè ak patisipasyon enterese ki pi sansib nan pwosesis pre-depo ak revizyon yo
 - Nouvo Pwogram Sipò Pou Sibvansyon Entèvansyonè Kreye
- Kreye yon nouvo kategori enfrastrikti: Enstalasyon Enèji Pwòp (CEIF)
 - Enstalasyon klase kòm CEIF piti oswa CEIF gwo



Angajman Patisipan ak Pwosesis Fè Règleman








Objektif Odyans Piblik pou Kòmantè

- Bay yon opòtinite pou ranmase kòmantè sou règleman pwopoze yo
- Nou pral swiv tout kòmantè ak kesyon epi enkòpore kòmantè yo, otan ke posib, nan règleman final yo.
- Pou soumèt kòmantè ekri sou règleman EFSB yo, tanpri voye kòmantè yo kòm atachman bay toude adrès imèl yo dpu.efiling@mass.gov ak sitingboard.filing@mass.gov.
- Konsènan Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan (D.P.U. 25-75), voye kòmantè yo bay dpu.efiling@mass.gov ak julianne.desmet@mass.gov.



Gwo oswa Ti CEIF?

	Gwo CEIF	Ti CEIF
Règleman Ki Kreye Pa	EFSB	DOER
Otorite ki Bay Pèmi	EFSB	Minisipalite
Jenerasyon	≥ 25 MW	< 25 MW
Depo	≥ 100 MWh	< 100 MWh
Transmisyon ak Distribisyon	$\geq$ Nouvo koridò 1 mil $\geq$ Koridò ekzistan 10 mil	$<$ Nouvo koridò 1 mil $<$ Koridò ekzistan 10 mil
Patisipe		Ti T&D ka chèche Pèmi Konsolide nan EFSB; Ti jenerasyon ak depo ka chèche Pèmi Konsolide Eta nan EFSB





Nouvo Karakteristik Pwosesis Pèmi yo

- Pèmi Konsolide pou gwo CEIF (tout pèmi ak apwobasyon lokal, rejyonal, ak leta) ak opsyon pou patisipe
- Dat limit revizyon obligatwa
 - Si yo pa respekte dat limit yo, apwobasyon otomatik (12 oswa 15 mwa)
- Nouvo chemen etabli pou pwojè yo pase soti nan pwosesis pèmi lokal pou rive nan desizyon Direktè EFSB (revizyon konplè/de nouvo)
- Nouvo wòl ak pi bon komunikasyon/kowòdinasyon ant ajans pèmi leta, rejyonal, ak lokal yo
 - Ajans ki bay pèmi yo pral bay opinyon sou kondisyon pèmi yo (kondisyon rekòmande) epi yo responsab pou fè respekte yo



Chanjman nan EFSB

- Ògan ki pran desizyon sou demann pou konstwi enstalasyon enèji
- Ogmantasyon manm Komisyon an dapre Lwa Klima 2024, epi
- Ajoute nouvo konsiderasyon obligatwa, tankou:
 - Egzijans fòmèl pou Komisyon an swiv hierachi pou evite, minimize, ak diminye enpak pwojè yo
 - Fòmalize konsiderasyon politik ki egziste depi lontan, tankou: travay, jistis ekonomik ak anviwònman ak ekite, sante piblik, ak sekirite
 - Egzijans pou pran an konsiderasyon kondisyon pèmi rekòmande pa Gouvènman Lokal ak lòt ajans leta
 - Analiz enpak kousinan pou tout pwojè Komisyon an revize
 - Enpak chanjman klimatik ki ka prevwa rezonab



Chapit nan Règleman Pwopoze yo


Chapit nan Pwojè Règleman

Rezime Tit la

980 CMR 1.00 – EFSB revize	Pwosedì Adjidikatif
980 CMR 2.00 – EFSB revize	Afè Komisyon an
980 CMR 13.00 – EFSB nouvo	Pèmi Konsolide
980 CMR 14.00 – EFSB nouvo	Revizyon konplè depi nan kòmansman
980 CMR 15.00 – EFSB nouvo	Analiz Enpak Akimile ak Apwopriye Sit la (pwochen)
980 CMR 16.00 – EFSB nouvo	Konsiltasyon ak Angajman Anvan Depo
980 CMR 17.00 – EFSB nouvo	Apwobasyon Otomatik
980 CMR 4.00, 5.00, 7.00, 8.00, 9.00, 11.00	Anile Règleman ki Pa Itilize
220 CMR 32.00 – DPU nouvo	Frè Demann EFSB (pwochen)
220 CMR 34.00 – DPU nouvo	Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan
225 CMR 29.00 – DOER nouvo	Pèmi Lokal Konsolide



Pwosesis Jeneral





Konsiltasyon ak Angajman Anvan Depo

- Swiv pa Divizyon Patisipasyon Piblik (DPP)
- Bay plis opòtinite pou kominote a bay opinyon sou konsepsyon pwojè a, plis transparans, ak aksè a enfòmasyon sou pwojè a atravè plizyè chanèl kominikasyon
- Etabli kondisyon pre-depoze pou Aplikan an:
 - Konsilte ak Biwo MEPA, ajans pèmi leta, rejyonal, ak lokal
 - Angaje ak patisipan kle yo epi fè pwomosyon nan kominote a
 - Fè omwen 2 reyinyon piblik, kreye yon paj entènèt pou pwojè a, bay mizajou sou pwojè a atravè imèl
- Bay fleksibilite nan dire tan pou ranpli kondisyon pre-depoze yo
 - Egzijan soumèt Estati Angajman Pre-depoze ak Lis Verifikasyon Konplè
 - Egzijan pou avi pre-depoze a soumèt pa mwens pase 45 jou epi pa plis pase 90 jou anvan depoze Demann lan ak Komisyon an





Demann Pèmi Konsolide

- Estanda klè ak inifòm aplike pandan tout pwosesis revizyon pèmi a (pa egzanp, evalyasyon konplèti demann nan)
- Dokiman gid detaye → soumèt byen òganize, enfòmatif, klè, ak konsistan
- Konpilasyon kondisyon pèmi anvan yo ak kondisyon enfòmatif ki inik pou desizyon EFSB yo
- Yon seri inifòm estanda debaz nan sante, sekirite, anviwònman ak lòt estanda
- Detèminasyon konplèti nan 30 jou apre depoze—kòmanse delè revizyon an (15 mwa pou gwo ak 12 mwa pou ti pwojè)



Kat Konseptyèl pou Demann EFSB





Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan

- Entèvenan gen yon wòl fòmèl nan enfliyanse pran desizyon nan yon pwosedi
- Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan ap:
 - Bay sibvansyon bay gwoup kominotè ak lòt antite kalifye ki pa kapab patisipe nan pwosedi DPU oswa EFSB akòz difikilte finansye
 - Pèmèt vwa divès reprezante enterè yo
 - Pèmèt moun ki resevwa sibvansyon yo peye frè avoka, temwen ekspè, ekspè kominotè, administrativ, ak lòt depans kalifye
- Regilasyon yo detaye kritè elijibilite, pwosesis aplikasyon pou sibvansyon, montan maksimòm sibvansyon, itilizasyon kalifye finansman an, ak kondisyon pou rapò



Apwobasyon Otomatik

- Apwobasyon otomatik pou yon Demann Pèmi Konsolide si delè desizyon obligatwa Komisyon an pa respekte
 - “Avi sou chans apwobasyon otomatik la” emèt si Ofisye Prezidan an evalye pwogrè pwosedi a epi detèmine ke li pa gen anpil chans pou yo respekte delè a
 - Pèmi Apwobasyon Otomatik Pwojè ak peryòd kòmantè
- Asire ke yon desizyon final sòti nan delè 12 oswa 15 mwa
- Apwobasyon Otomatik enkli 'Kondisyon Komen,' ki baze sou kalite ak gwosè enstalasyon an, epi li ka gen yon pwosesis pou konsidere kondisyon siplemanntè ki espesifik pou pwojè a




Pwosedì Adjidikatif Revizyon konplè

- 2 chemen posib pou Pèmi Lokal Konsolide
 - Demann ki soti nan Aplikan an oswa yon lòt moun ki afekte anpil ak espesyalman pa yon desizyon final negatif Gouvènman Lokal la
 - Delè 6 mwa
 - Demann ki soti nan yon Gouvènman Lokal ki pa gen resous pou trete yon Aplikasyon
 - Delè 12 mwa
- Desizyon final Direktè EFSA a
- Opòtinite pou rezoud pwoblèm ak pwosesis Pèmi Lokal Konsolidasyon minisipalite a




Pwosedi Adjidikatif Revizyon konplè

Chemen 1



OSWA

Chemen 2





Analiz Enpak Kimilatif

- Enpak Kimilatif la se efè konbine pwojè, operasyon, devlopman ak lòt aktivite ekonomik prive, endistriyèl, komèsyal, leta oswa minisipal nan tan lontan ak kounye a, anplis efè Pwojè pwopoze a sou: (1) anviwònman an; (2) sante piblik; ak (3) efè chanjman klimatik ki previzib nan yon fason rezonab..
- Zòn ki gen anpil chay defini kòm yon Gwoup Blòk Resansman kote endikatè espesifik anviwònman, sante piblik, popilasyon sansib, ak sosyoekonomik yo wo epi Pwojè a ta ka afekte plis toujou
- Gid devlope pa OEJE
- Detèmine si limit etablisman yo, plis yon distans tanpon, sipèpoze ak zòn ki anba chay yo
 - Zòn ki anba gwo chay idantifye sou kat jeyografik eta a ki baze sou done sante piblik, anviwònman, ak sosyoekonomik sou yon baz pousantaj pou tout eta a
- Aplikan an oblije evalye si pwojè a gen chans pou l lakòz nenpòt efè negatif ki pa pwopòsyonèl nan Zòn ki anba chay epi pwopoze aksyon korektif pou Zòn ki anba chay sa yo
- Aplikan an pataje rezilta analiz yo ak moun ki gen enterè pandan aktivite angajman pre-depoze yo
- Webinè CIA a pwograme pou Jedi 6 Novanm 2025, 2:00 pm – 5:00 pm



Evalyasyon Apwopriye Pou Sit

- **Gid devlope pa EEA**
- **Itilizasyon ansanm done/zouti ki disponib piblikman pou evalye sit ki baze sou kritè sa yo: rezistans chanjman klimatik, depo/sekestrasyon kabòn, byodivèsit, resous agrikòl, ak chay sosyal ak anviwònman**
- **Aplikan yo estime nòt yo pandan pre-depo a epi pataje yo ak moun ki gen enterè yo pou bay tan pou chanjman nan konsepsyon pwojè a oswa itilizasyon sit altènatif yo**
- **Rezilta yo konsidere nan revizyon/ Jijman Pèmi Konsolide yo**



Odyans Kòmantè Piblik

Reyinyon an ap rekòmanse byento



Gid Jeneral pou Kòmantè Piblik

- N ap pèmèt kòmantè nan men ofisyèl piblik yo anvan nou pran kòmantè nan men moun ki te pre-enskri yo
- Tanpri limite kòmantè ou yo a apeprè 3 minit.
- Nou pral altène ant moun k ap fè kòmantè an pèsòn ak moun k ap fè kòmantè sou entènèt.
- N ap eseye reponn a otan kòmantè ke posib, sa depann de sijè a ak tan ki disponib la.



Odyans Kòmantè Piblik

Reyinyon an ap rekòmanse byento



Odyans Kòmantè Piblik yo

▪ Odyans Kòmantè Piblik 1



▪ Lendi, 27 Oktòb, 6:00-9:00 p.m.



▪ Greater New Bedford Regional Vocational Technical High School, 1121 Ashley Blvd, New Bedford, MA 02745, Auditorium

▪ Odyans Kòmantè Piblik 2



▪ Mèkredi, 29 Oktòb, 6:00-9:00 p.m.



▪ Berkshire Innovation Center, 45 Woodlawn Ave, Pittsfield, MA 01201

▪ Odyans Kòmantè Piblik 3 (Pwogram Sipò Sibvansyon Entèvenan)



▪ Lendi, 3 Novanm, 6:00-9:00 p.m.



▪ One South Station, Boston, MA 02110, 3rd floor, Large Hearing Room

▪ Odyans Kòmantè Piblik 4



▪ Mèkredi, 5 Novanm, 6:00-9:00 p.m.



▪ North Shore Community College, 300 Broad St, Lynn, MA 01901, Cafeteria



Soumèt Kòmantè Ekri yo

- Konsènan EFSB 25-10, voye bay dpu.efiling@mass.gov ak sitingboard.filing@mass.gov
- Konsènan Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan (D.P.U. 25-75), voye bay dpu.efiling@mass.gov ak julianne.desmet@mass.gov
- **Dat limit pou soumèt kòmantè ekri final: 7 Novanm, 2025**
- Kòmantè yo ta dwe voye kòm yon atachman, epi imel la ta dwe enkli nimewo dosye a, non moun/oswa antite k ap soumèt dosye a, ak yon deskripsyon kout sou dokiman an. Imel la dwe tou gen enfòmasyon kontak (non, tit, nimewo telefòn) pou nenpòt kesyon.
- Kòmantè yo pral aksesib piblikman epi yo pral pibliye nan Sal Dosye DPU a.



Kontak

- Imel pou kesyon sou odyans kòmantè oswa règleman:
sitingboard.filing@mass.gov
- Paj wèb EFSB 25-10 pou pake règleman EFSB yo:
<https://www.mass.gov/info-details/efsb-25-10-proposed-rulemaking>
- Paj wèb D.P.U. 25-75 pou Sibvansyon Sipò Entèvenan:
<https://www.mass.gov/info-details/dpu-25-75-proposed-rulemaking>



Mèsi paske ou te vin jwenn nou! Odyans piblik jodi a sou pake règleman EFSB a ak Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan an fini.

Nou ta renmen tande ou. Tanpri vin patisipe avèk nou an pèsòn oswa sou entènèt pou nenpòt nan odyans piblik ki rete yo. Tout odyans piblik yo kòmanse a 6 p.m.

1. Mèkredi, 29 Oktòb, Berkshire Innovation Center, 45 Woodlawn Ave, Pittsfield, MA 01201
2. Lendi, 3 Novanm, One South Station, Boston, MA 02110, 3rd floor, Large Hearing Room
3. Mèkredi, 5 Novanm, North Shore Community College, 300 Broad St, Lynn, MA 01901, Cafeteria

Lyen pou patisipe sou entènèt - <https://www.zoomgov.com/j/1612425626>

Dat limit pou soumèt kòmantè ekri final: **7 Novanm, 2025**

Pou plis enfòmasyon, vizite: <https://www.mass.gov/energypermitting>.